# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–15 अप्रैल 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ हरदोई जिला में प्रथम स्वतंत्रता संग्राम क योद्धा महाराजा नरपति सिंह के यादि में आयोजित विजयोत्सव कार्यक्रम में आजु हिस्सा लिहलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री छौ सौ पचास करोड़ रूपिया के सात सौ ओन्तीस विकास परियोजना क लोकारपण अउर सिलान्यास कइलें। उहां के कई गो योजना के लाभारथियन के प्रमाण पत्र, चेक आ अउरियो समान बंटलीं। मुख्यमंत्री हरदोई के विकास खातिर सरकार की ओरि से करावल जा रहल कोसिस के बारे में चरचो कइलें।

**पीएम मित्र टेक्सटाइल पार्क यहीं बनने जा रहा है। पीएम मित्र टेक्सटाइस पार्क का मतलब लाखों नौजवानों के लिए नौकरी और रोजगार की सुविधा आप ही के जनपद में प्राप्त होगी। जब टेक्सटाइल पार्क बनेगा तो इनके हुनर को भी काम मिलेगा। और साथ साथ यहां के नौजवानों को, जो लोग अब तक कार्य के लिए पंजाब जाते हैं, सूरत जाते हैं उन्हें वहां नहीं जाना पड़ेगा, बल्कि अन्य देश भर के लोगों को रोजगार के लिए आपके हरदोई में आना पड़ेगा।**

मुख्यमंत्री ईहो घोसणा कइलें कि महाराजा नरपति सिंह के पवित्र धरती के तलाब के सरकार पक्षी विहार के रूप में विकसित करी।

**********

वार्षिक अमरनाथ यात्रा बदे पंजीकरण काल्हि से सुरू हो गइल बाटे। तीर्थयात्री लोगि श्री अमरनाथजी श्राइन बोर्ड के वेबसाइट जेकेएसएएसबी डॉट एनआईसी डॉट इन के जरिए बावन दिन ले चले वाली यात्रा खातिर ऑनलाइन पंजीकरण करवा सकेलें। प्रस्तुत हवे एगो रिपोर्ट।

**पंजीकरण देश भर में 540 से अधिक अधिकृत बैंक शाखाओं और पंचायत भवन, वैष्णवी धाम और महाजन हॉल जैसे निर्दिष्ट केंद्रों पर भी कराया जा सकता है। सभी तीर्थयात्रियों के लिए पंजीकरण अनिवार्य है। प्रत्येक तीर्थयात्री के लिए पंजीकरण शुल्क 220 रुपये है। सभी तीर्थयात्रियों के लिए रेडियो फ्रीक्वेंसी आइडेंटिफिकेशन या आरएफआईडी कार्ड अनिवार्य है। अमरनाथ यात्रा इस वर्ष तीन जुलाई को अनंतनाग जिले के पहलगाम ट्रैक और गंदेरबल जिले के बालटाल मार्ग से शुरू होगी। यह यात्रा नौ अगस्त को रक्षा बंधन के अवसर पर समाप्त होगी। जम्मू से गुलशन रैना की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से अभिषेक कपिल।**

**********

अजोध्या में श्रीराम जन्मभूमि मंदिर आवे वाले सरधालु अब मंदिर के हाता में गोस्वामी तुलसीदासो क दरसन कइ सकिहे। मंदिर के हाता में यात्री सुविधा केन्द्र के पूरब दिसा में प्रवेस द्वार पर आजु गोस्वामी तुलसीदास के प्रतिमा पर लोकार्पण कइल गइल। श्रीराम जन्मभूमि तीर्थक्षेत्र ट्रस्ट क सचिव चंपत राय बतवले कि मंदिर परिसर अपने पूर्णता की ओरि बढ़ि रहल हउवे। येही कड़ी में काल्हि मुख्य मंदिर के सिखर पर कलस क अस्थापना कइल गइल आजु प्रतिमा के लोकार्पण के बादे अब श्रीरामलला के दरसन बदे आवे वाला हर एक भक्त गोस्वामी तुलसीदासो क दरसन कइ सकी।

**********

जौनपुर जिला के लखनऊ मांझीघाट राहि पर प्रसाद स्कूल से चौकिया माता धाम ले सम्पर्क मार्ग क करीब दुइ करोड़ सत्रह लाख रुपिया के लागत से मरम्मत करावल जाइ। लोक निर्माण विभाग के प्रांतीय खंड क अधिशासी अधिकारी राजेंद्र वर्मा बतवले कि येह सम्पर्क राहि के कायाकल्प के काम जल्दिये सुरू कइ दिहल जाइ। धर्मार्थ योजना के जरिए येह राहि क सुदृढ़ीकरण अउर विकास होखे जा रहल हवे। खेल अउर युवा कल्याण राज्य मंत्री स्वतंत्र प्रभार गिरीश चन्द्र यादव के प्रस्ताव पर सासन येह राहि के बनवावे बदे बजट जारी कइ दिहले हवे।

**********

बहराइच जिला में गोंडा बहराइच राहि पर खूंटेहना चउकी के काटिलिया के लग्गे आजु भइल एगो सड़कि दुरघटना में एक्के परिवार के पांच जने क मउति हो गइल जबकि आधा दरजन से जियादे लोगि घाही हो गइलें। ई दुरघटना ओह समय भइल जब एक्के परिवार के एक दरजन से जियादे लोगि ऑटो रेक्सा बुक कइ के रिस्तेदारी में जात रहलें अउर एगो तेज रफ्तार बस एगो दुसरके वाहन के ओवरटेक करत के सामने से आ रहल ऑटो रेक्सा के टक्कर मारि दिहलस।

**********

विश्व ऑडियो विजुअल एंटरटेनमेंट समिट–वेव्स बजारि क लक्ष्य वैस्विक मनोरंजन पारिस्थितिकी तंत्र में पेसेवर लोगि, ब्यौसायन अउर रचनाकारन के जोड़े बदे एगो क्रांतिकारी ऑनलाइन बजारि बनावल हउवे। बॉलीबुड अभिनेता अमिर खान एगो अंगरेजी दैनिक में अपने आलेख में ई बाति कहलें। सरकार के कोसिस क सराहना करत अमिर खान कहलें कि भारत, वेव्स अउर वेव्स बजारि के जरिये वैस्विक मनोरंजन समुदाय खातिर जियादे सहजोगी अउर समावेसी भविस्य बनवले के दिसा में साहसिक कदम उठा रहल हवे।

**********

मौसम विज्ञान विभाग प्रदेस के पूरबी हिस्सा में सतरह से बीस अपरैल ले कहीं–कहीं बरखा अउर गरजि चमकि के साथे बौछार परले क अनेसा जतवले हवे। विभाग के मोताबिक येह इलाका में आजु अउर बिहने मौसम सुक्खल रही सथहीं अठारह अउर ओन्नइस अपरैल के कहीं–कहीं तेज झोंकेदार बेयारि चली अउर बिजुलियो गिरले क चेतावनी दीहल गइल हवे।

**********